## NÒT SOU LIS VERIFIKASYON ENSKRIPSYON NOUVO ELÈV AK SA K AP RETOUNEN YO

***: Tout elèv klas 8yèm ane ki nan Lekòl Piblik Pwovidans pral resevwa fòmilè pèsonalize sou chwa lekòl yo. Yo dwe remèt fòmilè sa yo nan lekòl timoun nan ye kounye a.***

### POU ENSKRI

Vizite www.providenceschools.org/registration.

Klike "enskri isit la a". Yo dwe eskane epi telechaje tout kondisyon yo nan aplikasyon an. Yo p ap trete enskripsyon ki soumèt san kondisyon yo. Yon manm ekip ap fè swivi ak yon apèl telefòn pou trete enskripsyon an.

*Èske w deja gen yon elèv ki ale nan Providence Public Schools?* Si w gen yon pòtal paran Skyward, tanpri konekte ak non itilizatè w ak modpas ou a epi sèvi ak opsyon Enskripsyon Nouvo Elèv Anliy la pou w soumèt yon enskripsyon.

**Enpòtan:** Lè w enskri, y ap mande w pou w telechaje kopi kèk dokiman kle. Tanpri eskane oswa pran yon foto dokiman sa yo ak telefòn ou epi telechaje yo sou pòtal la.

Dokiman sa yo pral nesesè pou pwosesis enskripsyon an:

- **Dokiman pou verifikasyon laj elèv la**: Batistè orijinal, paspò, kat rezidans OSWA I-94
- **Foto idantifikasyon paran/responsab legal**
- **Dosye Vaksinasyon yo**
- **Fòm Egzamen Fizik**
- **Prèv rezidans Providence**: Bay youn nan bagay sa yo: Bòdwo sèvis piblik (pa yon bòdwo telefòn selilè oswa entènèt), souch peman, kontra lwaye, deklarasyon labank-tout dwe gen mwens pase 60 jou apre enskripsyon an
- **Dosye lekòl yo**: Kanè ki pi resan (Klas K-8) oswa relve nòt ofisyèl lekòl segondè (Klas 9yèm ane-12yèm ane)
- **Elèv ki resevwa sèvis edikasyon espesyal yo**: Tout dokiman Edikasyon Espesyal aktyèl yo
- **Tès Depistaj Tibèkiloz**: Elèv ki te vwayaje andeyò peyi Etazini pou plis pase 90 jou oswa ki te fèt andeyò peyi Etazini oblije montre prèv tès depistaj tibèkiloz.

***Tanpri sonje kèk elèv ka bezwen fè tès pou konplete pwosesis enskripsyon an.*




### CHWA LEKÒL SEGONDÈ

Fanmi elèv ki nan wityèm ane kounye a genyen posiblite pou montre kat preferans prensipal yo pou plasman nan lekòl segondè.

Distri a itilize yon sistèm tiraj pou atribye plas pou chak lekòl. Pou patisipe nan tiraj la, fanmi yo ap bezwen soumèt chwa yo nan mwa fevriye. Yo distribye fòm chwa lekòl yo bay fanmi yo an janvye epi yo anonse plasman nan tiraj nan fen mwa mas.

Y ap bay preferans plasman pou:

- Elèv uityèm ane yo ki gen yon **frè/sè ki pi gran** ki enskri nan yon lekòl segondè an patikilye pou prentan an.
- **Lekòl katye**. (80% nan plas lekòl yo rezève pou elèv ki nan distans ki pa depase twa mileyaj ak lakay yo)
- Si yon elèv pa genyen de lekòl nan reyon twa mileyaj la, yo konsidere de lekòl ki pi pre yo kòm lekòl katye.

### LEKÒL EKZAMEN AK KANDIDATI

Lekòl sa yo kapab mande yon egzamen pou admisyon oswa se lekòl kandidati yo epi yo pa patisipe nan tiraj sou chwa lekòl la.

Pwosesis admisyon **karyè ak edikasyon teknik (CTE, an anglè)** pou pwogram CTE yo kòmanse nan sezon otòn pou yon elèv 8yèm ane. Providence gen yon lekòl segondè CTE konplè, Providence Career and Technical Academy (PCTA) ak lòt pwogram CTE yo ofri nan anpil lòt lekòl segondè. Dat limit aplikasyon an se 12 Janvye. Ou ka jwenn aplikasyon an sou entènèt ak plis enfòmasyon sou **www.providenceschools.org/OCTE**.

Elèv ki vle ale nan **Classical High School** nan klas 9yèm ane ta dwe kòmanse pwosesis admisyon an lè yo kontakte konseye pedagojik yo. Classical High School se yon lekòl preparasyon pou inivèsite ak yon pwosesis enskripsyon selektif ki baze sou egzamen. Egzamen antre nan Lekòl Segondè a te fèt nan Classical High School nan mwa Oktòb. Elèv klas wityèm ane yo dwe rezidan Providence epi yo dwe pran egzamen an pou yo ka konsidere yo pou admisyon. Pou plis enfòmasyon,tanpri vizite https://www.providenceschools.org/classical.

**Èske w gen kesyon?** Pou jwenn plis enfòmasyon sou politik plasman elèv la oswa sou pwosesis enskripsyon an, kontakte enskripsyon nan 401-456-9297 oswa registration@ppsd.org.




# LEKOL PIBLIK PROVIDENCE
# 2024-2025 PWOFIL LEKÒL SEGONDÈ

Sant Enskripsyon Elèv

325 Ocean Street, Providence, RI, 02905

Telefòn: 456-9297 Faks: 278-0553

**www.providenceschools.org**

Providence Schools

| LEKÒL SEGONDÈ 2024 - Klas 9yèm- 12yèm ane | | | Enskripsyon | Moman klòch | Pwogram apre lekòl | Atletik | Pwogram ki pa nan pwogram lekòl la | Pwogram Edikasyon Teknik ak Pwofesyonèl (CTE, an anglè) | Pwogram akademik ak pwogram espesyal<br>*Tout pwogram yo soumèt pou enskripsyon ak finansman* |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | **Dr. Jorge ALVAREZ High School**<br>375 Adelaide Avenue<br>Providence, RI 02907<br>*Tèm:* **Swen sante ak Finans**<br>*Lidè lekòl:* Nathan Biah | (401) 456-0676<br>providenceschools.org/alvarez | 448 | 7:45 a.m. - 2:30 p.m. | Pwogram anvan ak apre lekòl | *Atravè yon pwogram espò koperativ ak Mount Pleasant HS*<br>• Bezbòl<br>• Baskètbòl<br>• Baskètbòl miks<br>• Maraton nan bwa<br>• Foutbòl Ameriken<br>• Kous anndan lokal<br>• Kous nan espas deyò<br>• Foutbòl<br>• Sòfbòl<br>• Volebòl<br>• Volebòl miks<br>• Lit lib | • Rezo tout kou yo (ACN, an anglè)<br>• Espò Klèb<br>• Konsèy Etidyan<br>• Anyè<br>• HOSA<br>• Pwogram Accelearte CCRI<br>• Pwogram ankadreman MLL<br>• Sibvansyon pou aprantisaj 21èm syèk pou pwogram apre lekòl | • CTE: Asistan Enfimyè Sètifye (CNA, an anglè) - Enfimyè<br>• CTE: Teknisyen medikal pou ijans (EMT, an anglè)<br>• CTE: Travayè swen sante kominotè<br>• CTE: Finans-Antreprenarya | • ESL nan yon anviwònman entegral<br>• Pwogram Edikasyon Espesyal<br>• Kou pou rekipere kredi<br>• Opòtinite pou enskripsyon bonè nan inivèsite/Enskripsyon doub<br>• Kou plasman ki avanse (AP)<br>• Estaj ak konsèy |
| 2 | **CENTRAL High School**<br>70 Fricker Street<br>Providence, RI 02903<br>*Tèm:* **Sèvis piblik**<br>*Lidè lekòl:* Gail DeCecco | (401) 456-9111<br>providenceschools.org/central | 1 066 | 7:45 a.m. - 2:30 p.m. | Pwogram anvan ak apre lekòl | • Bezbòl<br>• Baskètbòl<br>• Maraton nan bwa<br>• E Sports<br>• Foutbòl Ameriken<br>• Kous anndan lokal<br>• Kous nan espas deyò<br>• Foutbòl<br>• Sòfbòl<br>• Tenis<br>• Volebòl<br>• Lit lib | • Nouvo Atizay Lavil<br>• Klèb Lekti<br>• Bòks<br>• Kwizin<br>• Sipò Inivèsite<br>• Dans<br>• Konsèy Etidyan<br>• Cho talan<br>• Fotografi<br>• Resitasyon powèm<br>• Lamòd ak Konsepsyon<br>• Konsepsyon Jwèt Vityèl | • CTE: Lwa ak Sekirite piblik<br>• CTE: JROTC<br>• CTE: Syans Enfòmatik/CS4RI | • ESL nan yon anviwònman entegral<br>• Pwogram ESL pou elèv ki fenk vini yo nan klas 9yèm ak 10yèm ane<br>• Pwogram Edikasyon Espesyal<br>• Kou plasman ki avanse (AP) |
| 3 | **CLASSICAL High School**<br>770 Westminster Street<br>Providence, RI 02903<br>*Lidè lekòl:* Scott Barr | (401) 456-9145<br>(401) 456-9147<br>providenceschools.org/classical | 1 116 | 7:45 a.m. - 2:16 p.m. | Pwogram anvan ak apre lekòl | • Bezbòl<br>• Baskètbòl<br>• Maraton nan bwa<br>• Woki sou gazon<br>• Foutbòl Ameriken<br>• Gòf<br>• Kous anndan lokal<br>• Lacrosse<br>• Kous nan espas deyò<br>• Foutbòl<br>• Sòfbòl<br>• Ekip lanaj<br>• Tenis<br>• Volebòl<br>• Lit lib | • Atizay<br>• Bann<br>• Koral<br>• Ekip Matematik<br>• Pwosè Simile<br>• Sosyete Onè Nasyonal | | **REMAK: Classical se yon lekòl kote yo fè egzamen**<br>• ESL nan yon anviwònman entegral<br>• Pwogram Edikasyon Espesyal<br>• 24 kou plasman ki avanse (AP)<br>• Pwogram Enskripsyon Bonè |
| 4 | **E-CUBED Academy (Lekòl Segondè)**<br>812 Branch Avenue<br>Providence, RI 02904<br>*Tèm:* **Teknoloji Enfòmasyon Inivèsite bonè**<br>*Lidè lekòl:* Kerri Giorgio | (401) 456-0694<br>providenceschools.org/ ecubed | 350 | 7:45 a.m. - 2:30 p.m. | Pwogram avan ak apre lekòl, pwogram samdi | *Atravè pwogram koperasyon atletik ak Hope High School*<br>• Bezbòl<br>• Baskètbòl<br>• Maraton nan bwa<br>• E Sports<br>• Foutbòl Ameriken<br>• Kous anndan lokal<br>• Kous nan espas deyò<br>• Foutbòl<br>• Sòfbòl<br>• Tenis<br>• Volebòl<br>• Lit lib | • Kodaj<br>• Ekip Deba<br>• Klèb teyat<br>• Preparasyon SAT<br>• Konsèy Etidyan<br>• Anyè | • CTE: P-Tech Enfòmasyon sou Teknoloji | • ESL nan yon anviwònman entegral<br>• Pwogram Edikasyon Espesyal<br>• Ti kominote aprantisaj ak kou rekiperasyon kredi<br>• Kou plasman ki avanse (AP)<br>• Lang Etranje: Fransè ak Espanyòl<br>• Estaj, Ankadreman ak Opòtinite Inivèsite bonè<br>• Atizay Vizyèl |
| 5 | **HOPE High School**<br>324 Hope Street<br>Providence, RI 02906<br>*Tèm:* **Atizay pèfòmans ak vizyèl**<br>Lidè lekòl: Francisco Velasquez | (401) 456-9161<br>providenceschools.org/hope | 778 | 7:45 a.m. - 2:30 p.m. | Pwogram anvan ak apre lekòl | • Bezbòl<br>• Baskètbòl<br>• Maraton nan bwa<br>• E Sports<br>• Foutbòl Ameriken<br>• Kous anndan lokal<br>• Kous nan espas deyò<br>• Foutbòl<br>• Sòfbòl<br>• Tenis<br>• Volebòl<br>• Lit lib | • Klèb teyat<br>• Preparasyon SAT<br>• Konsèy Etidyan<br>• Anyè | • CTE: Atizay Vizyèl<br>• CTE: Pwodiksyon fim | • ESL nan yon anviwònman entegral<br>• Pwogram ESL pou elèv ki fenk vini yo, Klas 9yèm ane<br>• Pwogram Edikasyon Espesyal<br>• Kou plasman ki avanse (AP)<br>• Kou pou rekipere kredi<br>• Lang Etranje: Fransè, Italyen, Espanyòl<br>• Estaj ak Ankadreman<br>• Atizay Vizyèl |
| 6 | **MOUNT PLEASANT High School**<br>434 Mt. Pleasant avenue<br>Providence, RI 02908<br>*Tèm:* **Inivèsite bonè ak Jeni**<br>*Lidè lekòl:* Wobberson Torchon | (401) 456-9181<br>providenceschools.org/mtpleasant | 993 | 7:45 a.m. - 2:30 p.m. | Pwogram apre lekòl sèlman | • Bezbòl<br>• Baskètbòl<br>• Baskètbòl miks<br>• Maraton nan bwa<br>• Foutbòl Ameriken<br>• Kous anndan lokal<br>• Kous nan espas deyò<br>• Foutbòl<br>• Sòfbòl<br>• Volebòl<br>• Volebòl miks<br>• Lit lib | • Koral<br>• Atizay Vizyèl<br>• Preparasyon SAT<br>• Konsèy Etidyan<br>• Anyè | • CTE: Syans enfòmatik<br>• CTE: Mizik<br>• CTE: Pre-Enjenyeri / Faktori Avanse<br>• CTE: Akademi pwofesè | • ESL nan yon anviwònman entegral<br>• Pwogram Edikasyon Espesyal<br>• Kou pou rekipere kredi<br>• Kou plasman ki avanse (AP)<br>• Opòtinite pou enskripsyon bonè nan inivèsite<br>• Estaj ak Ankadreman |
| 7 | **Akademi Teknik ak Pwofesyonèl Providence (PCTA)**<br>41 Fricker Street<br>Providence, RI 02903<br>*Tèm:* **Karyè ak Teknoloji**<br>*Lidè lekòl:* Judy Valentine | (401) 456-9136<br>providenceschools.org/pcta | 759 | 7:30 a.m. - 2:15 p.m. | Pwogram apre lekòl sèlman | *Atravè pwogram koperasyon atletik ak Central High School*<br>• Bezbòl<br>• Baskètbòl<br>• Maraton nan bwa<br>• E Sports<br>• Foutbòl Ameriken<br>• Kous anndan lokal<br>• Kous nan espas deyò<br>• Foutbòl<br>• Sòfbòl<br>• Tenis<br>• Volebòl<br>• Lit lib | • AbiliteUSA<br>• Klèb teyat<br>• Klèb Fitnès<br>• Preparasyon SAT<br>• Konsèy Etidyan<br>• Anyè | • CTE: Otomobil<br>• CTE: Biznis ak Kosmetoloji<br>• CTE: Chapant<br>• CTE: Atizay gastronomik<br>• CTE: Elektrik<br>• CTE: Konstriksyon Jeneral<br>• CTE: Kominikasyon Grafik<br>• CTE: HVAC/Plonbri<br>• CTE: Soudaj maritim<br>• CTE: Atizay Patisri<br>• CTE: Pre Jeni | **REMAK: JSEC se yon lekòl aplikasyon pou nouvo elèv premye ane yo**<br>• ESL nan yon anviwònman entegral<br>• Pwogram Edikasyon Espesyal<br>• Kou pou rekipere kredi<br>• Opòtinite Pwogram enskripsyon bonè (EEP)<br>• Lang Etranje: Fransè ak Espanyòl<br>• Estaj ak Ankadreman |
| 8 | **Juanita SANCHEZ High School (JSEC)**<br>182 Thurbers Avenue<br>Providence, RI 02905<br>*Tèm:* **Syans lavi ak Dan**<br>*Lidè lekòl:* Ariana Testa | (401) 456-1781<br>providenceschools.org/sanchez | 691 | 7:45 a.m. - 2:30 p.m. | Pwogram apre lekòl sèlman | • Bezbòl<br>• Baskètbòl<br>• Maraton nan bwa<br>• Foutbòl Ameriken<br>• Kous anndan lokal<br>• Kous nan espas deyò<br>• Sòfbòl<br>• Tenis<br>• Volebòl<br>• Lit lib | • Pwojè amelyorasyon kominote yo<br>• Sosyete Onè Nasyonal<br>• Preparasyon SAT<br>• Jounal Lekòl la<br>• Anbasadè Etidyan yo<br>• Konsèy Etidyan<br>• Anyè<br>• Atizay Vizyèl | • CTE: Biyoteknoloji / Medikal<br>• CTE: Syans enfòmatik<br>• CTE: Dan | • ESL nan yon anviwònman entegral<br>• Pwogram Edikasyon Espesyal<br>• Opòtinite pou enskripsyon bonè nan inivèsite: Klas enskripsyon doub ak enskripsyon menm moman an<br>• Kou plasman ki avanse (AP)<br>• Modèl ansèyman adjwen ak aprantisaj ki baze sou pwojè<br>• Kou pou rekipere kredi<br>• Lang Etranje: Espanyòl<br>• Estaj ak Ankadreman |
| 9 | **E-LEARNING ACADEMY**<br>379 Washington Street<br>Providence, RI 02903<br>*Lidè lekòl:* John Kavanaugh | (401) 456-9100<br>providenceschools.org | 130 | 7:45 a.m. - 2:30 p.m.<br><br>Madi, Orè fleksib, ouvè jiska 7:00 p.m. | | **Remak: E-Learning se yon lekòl aplikasyon pou elèv ki gen 17 lane oswa plis.**<br>• Premye akizisyon kredi ak rekiperasyon kredi atravè Edgenuity, StudySync ak platfòm matematik Imagine Learning Illustrative.<br>• Yo bay kou entegral ELA ak ELD pou tout elèv MLL ki sèvi ak StudySync ak CENGAGE atravè Zoom ak Pwofesè ki sètifye nan ESL yo<br>• Enstriksyon pèsonalize, asenkwonize ak senkwonize, ak sipò adapte | | | |